

Nou se Limyè

Haitian Creole – English Translation

**Pitit limyè, pa rete nan fè nwa;
Verite ak Lanmou pi fò pase la lwa.**

**Depi nan kòmasman paròl la te pale:
Tenèb ak mehanste te anvayi la tè;
Tout bagay tap mache tankou devan dèyè.
Granmèt la deside mete lòd nan dezòd.**

**“Dieu dit: Que la lumière soit et la lumière fut”.
Limyè nan linivè, limyè nan fon kè nou.**

**Gen anpil bon bagay nan bèl flanm limyè-a:
Konesans, devlopman,
Bon konprann, konpasyon,
Verite, dignite,
La sagès ak la jistis,
Libète ak lesperans,
Lanmou ak kè kontan.**

**Pitit limyè, pa rete nan fè nwa.
Nou dwe klere pou tout la tè.
Nou dwe klere nan tout fè nwa
Nou dwe klere, nou se limyè.**

**Nou se limyè
Se vre, men wi se vre!
Nou dwe klere pou tout la tè.**

**Nou se solèy, nou se chalè,
Nou dwe klere nan tout fè nwa.
Nou se zetwal, nou se limyè,
Nou dwe briye pou tout la tè.**

**Pitit limyè, pa rete nan fè nwa;
Verite ak Lanmou pi fò pase la lwa.
Nou se limyè, Limyè se nou.
An nou klere jou aprè jou.**

*Children of light, do not stay in the dark;
Truth and Love are stronger than the law.*

*From the beginning of time the word was spoken:
Darkness and evil had invaded the earth;
Everything was functioning in reverse.
The Lord decided to put order in disorder.*

*“The Lord said, let there be light: and there was light”
Light in the universe, light in the depths of our hearts.*

*So many good things in the beautiful flame of this light:
Awareness, development,
Understanding and compassion,
Truth and dignity,
Wisdom and justice,
Liberty and hope,
Love and happiness.*

*Children of light, do not stay in the dark.
We must shine for all the earth.
We must shine in all darkness.
We must shine, we are the light.*

*We are the light.
Indeed, it's true!
We must shine for all the earth.*

*We are the sun, we are the heat,
We must shine in all darkness.
We are the stars, we are the light,
We must sparkle for all the earth.*

*Children of light, do not stay in the dark;
Truth and Love are stronger than the law.
We are the light, the Light is us.
Let us shine day after day.*

*-Gabriel T. Guillaume
September 2013*